# Damaa wax ne: yaw Yonente Yàlla bi, lan mooy àqi jabaru kenn ci nun?, mu wax ne: «nga jox ko mu lekk boo lekkee, nga solal ko boo solee, walla nga fàggu, te bul dóor ci kanam gi, te bul ñaawal, bul gàddaay fu dul ci kër gi

Jële nañu ci Muhaawiya Al-Xusayrii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Damaa wax ne: yaw Yonente Yàlla bi, lan mooy àqi jabaru kenn ci nun?, mu wax ne: «nga jox ko mu lekk boo lekkee, nga solal ko boo solee, walla nga fàggu, te bul dóor ci kanam gi, te bul ñaawal, bul gàddaay fu dul ci kër gi»

[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Laaj nañu Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc àqi jabar ci jëkkëram? Yonente bi tudd ay bir, bokk na ca: Bi ci njëkk: bul jagleel sa bopp aw ñam bàyyi ko; waaye danga koy jox mu lekk booy lekk. Ñaareel bi: bul jagleel sa bopp ay yéré waaye soloo nanga ko solal. Ñatteel bi: deesu ko dóor lu dul ab sabab ak aajo, te bu ko aajowoo dóor ngir yar ko walla ngir li mu bàyyi yenn farata yi na nekk dóor bu dul gaañ; te bu mu dóor ci kanam gi; ndaxte kanam moo gën a màgg ci cér yi te moo ci gën a fés te dafa làmboo ay wàll yu tedd ag ay cér yu ñeewant. Ñenteel bi: bul saaga walla ngay wax: yal na Yàlla ñaawal sa kanam; bul ko askanale lu bon walla dara ci yaramam; ndaxte Yàlla mu kawe mi moo defar kanamu nit ak yaramam, te li mu defar lépp a rafet te ŋàññ mbindiin day dellu ci ŋàññ Aji-Bind ji yal na nu ci Yàlla musal. Juróomeel bi: bul ko gàddaay ci fu dul lal bi, te bul dem ba ko, du caagine nga koy yóbb geneen kër; amaana loolu moo tàmm a am ci gàddaay diggante jëkkër ak jabar.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee